



BOYNTON BEACH COMMUNITY HIGH SCHOOL

4975 Park Ridge Boulevard, Boynton Beach, FL 33426
Dr. Moody Fuller, Principal

KONPAK PARAN/GADYEN-ELEV-PWOFESÈ 2025-2026

Misyon nou se pou elèv ki gradye devlope diyite, respè ak responsabilite pèsonèl nan yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite epi ki bay swen, ki ankouraje ekselans nan nivo akademik, responsabilite sivik, ak elèv ki ap aprann dire tout lavi yo ki prepare pou kolèj ak mendèv la.

Aplwaye lekòl la pral travay avèk elèv yo ak paran/fanmi yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- Bay yon anviwonman aprantisaj ki an sekirite, ki bay sipò, ki efikas pou amelyore siksè elèv yo
- Modèl diyite, respè, ak responsabilite pèsonèl
- demonstre respè pou chak timoun, fanmi li, ak kominote a
- Kenbe yon kominikasyon pozitif, ak para/fanmi yo sou yon baz kontinyèl, epi kenbe kominikasyon ki gen san ant lekòl la nan yon lang yo konprann
- Bay fanmi yo estrateji ak resous espesifik pou sipòte aprantisaj pitit yo lakay yo
- Asire jistis ak ekite nan adèrans ak règ lekòl, distri, ak salklas yo
- Prepare elèv yo pu siksè aprè lekòl segondè

Paran/fanmi yo pral travay avèk pitit yo ak anplwaye lekòl yo pou sipòte siksè akademik elèv yo nan:

- Pran yon wòl aktif nan aprantisaj pitit yo nan ale nan aktivite fòmasyon para/fanmi yo pou aprann estrateji pou ede ogmante siksè akademik pitit yo pou satisfè nòm evalyasyon Etat a
- Asire pitit yo ale lekòl regilyèman, epi li alè epi abiye yon fason apwopriye
- Kenbe kominikasyon pozitif nan de sans ak pwofesè pitit yo sou yon baz kontinyèl
- Sipòte aprantisaj pitit yo lakay yo nan ede ak devwa yo, kontwòle nòt timoun yo ak prezans yo atravè Platfòm Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS)
- Siveyans aparèy elektronik ak kont rezo sosyal.

Elèv yo pral travay avèk paran/fanmi yo ak pwofesè yo pou amelyore siksè akademik yo nan:

- Kwè ke mwen ka aprann e pwal aprann
- Vini lekòl chak jou, alè, pare pou aprann, epi suiv tout règ ak pwosedi lekòl yo
- Respekte tèt mwen, moun ki alantou mwen, ak lekòl nou
- Pran responsabilite pou kontwòle pwogrè mwen sous SIS, pou etid mwen ak prezans mwen nan klas
- Fè efò pou reyalize ekselans nan tout domèn nan lavi mwen
- Pratike sa yo anseye nan lekòl la lakay mwen epi fè devwa
- Rapòte sitiyasyon danje oswa pwoblèm bay lekòl la ak/oswa fanmi an.

Nou pwal travay ansanm pou nou kenbe akò ki nan kontra sa. Tanpri siyen anba

Paran/Gadyen _____ Dat _____

Elèv _____ Dat _____

Direktè _____ Dat _____